

Yon Monn Nouvo – A World Anew

Haitian Creole and French – English Translation

Louvri zòrèy koute,
Koute, koute zanmi mwen.
Louvri kè nou tande
Tande, tande frè mwen yo:

Ni ou ni mwen chaje ak rèv;
W'ap ede'm, m'ap ede ou.
Wi se konsa n'ava rive bati yon monn nouvo.

“Men anpil, chay pa lou.”
“Yon sèl dwèt pa manje kalalou.”
Konesans ak richès se byen limanite
Ke nou dwe pataje an tout fratènite.

Sa se deklarasyon ki pote kè kontan;
Sa se pawòl sajès ki fè la vi donnen.

Nous sommes chacun de nous semence d'éternité
Qui germe et qui fleurit dans notre humanité.
Travaillons tous ensemble pour un monde nouveau,
Un monde plus humain, un univers d'amour.

Louvri zòrèy koute,
Louvri kè nou tande:
Men nan men, san goumen,
An nou bati monn nouvo sa-a.

Yon monn nouvo... Ayimagabo!

Men nan men, san goumen,
N'ava bati monn nouvo sa-a!

Ayimagabo!

-Gabriel T. Guillaume
Juin 2014

*Open your ears and listen,
Hear and listen, my friends.
Open your hearts and hear,
Hear and listen, my brothers:*

*Both you and I are full of dreams;
You help me and I help you.
That is how we will come to build a world anew.*

*“With many hands, the load is light.”
“One finger alone cannot eat okra.”
Knowledge and wealth are goods of humanity
That we must share in all friendliness.*

*These are statements that bring happiness;
Words of wisdom that make life harvest.*

*We are, each one of us, seeds of eternity
That sprout and bloom in our humanity.
Let us all work together for a world anew,
A world more humane, a universe of love.*

*Open your ears and listen,
Open your hearts and hear:
Hand in hand, without fighting,
Let us build this world anew.*

A world anew... Let's do it!

*Hand in hand, without fighting,
We will build this world anew!*

Let's do this!